# ӘЖИНИЯЗ ЭНЦИКЛОПЕДИЯСЫ: ФАНАХАН ИБН АЛЛАБЕРДИ СУФЫ: ТАРИЙХНАМАСЫ ҲӘМ ДЕРЕКЛЕРИ

**Юсупов О.Ж.**

*Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Аннотация:** Қубла Арал бойы төменги Әмиўдәрья фронтининде, «Үлкен дәрья» ҳәм «Таллық» арна арасында, «Бозатаў» – сакраль геообъекте, бабалардың мухаддес мәдений ландшафт болған. Әжинияз заманында – сол аймақларда жасаған қарақалпақлардың жуп қәўимлери: «қыятлар-ашамайлы»лар, қазақлар-табынлардың мәкан жайлары, қорған қалалары «Таллық» бойында, «Бозатаў»да жаўгершилик ҳәм экология ақыбетинен қарабақана болған. Архивлик дереклер тийкарында, 1858 жылы 27-октябрь – 1859 жыл 2-август аралығында Қоңырат қаласында «ҳәким» ҳәм «хан» болған, «қоңыратлы суфылар» әўладының ең соңғы тарийхый шахс «Мухаммед Фана Бахадур хан Аллаберди суфы улының өмир мәўрити ҳәм ақыбетлери» ҳаққында жаңа мағлыўматлар, тарийхый-ағартыўшылық нәзерде бериледи.

**Гилт сөзи:** Арал, Үлкен дәрья, Таллық, Қоңырат, Фана ибн Аллаберди супы, «Бозатаў» – сакрал ландшафт, Молла Пирим қаласы, Порлы ҳәм Қусхана - мухаддес қәдем жайлар.

**Кирисиў:** Қубла Арал бойы этноархеологиясы, этнотарийхы, этномәдenияты, этнофольклоры ҳәм басқа да жәрдемши дереклер тийкарында, қарақалпақ халқының өткен әсирлердеги өтмишин ҳәр тәреплеме үйрениў, илимий баҳалаў ҳәм әҳмийети мәселе болып табылады [1]. (С.Камалов «Қарақалпақлар Хийўа қатнасықларында (1810-1873) Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Нөкис, 2003. 29-б. М.Мәмбетуллаев, М.Туребеков, О.Юсупов «Қарақалпақстан тарийхы». Нөкис, 2010).

XIX әсирдиң екинши ярымында Орайлық Азия тарийхындағы үлкен ўақыялардың бири - Қоңырат көтерилиси ҳәм Қоңырат ханлығының пайда болғаны өтмиштеги - әсирлер сазасы болмақта. Төменги Әмиўдәрья дельтасында, оның Үлкен дәрья менен Таллық дәрья ашасы аралығындағы, микро этногеографиялық қонысласқан халықлар тәғдири Қоңырат ҳәм Бозатаў менен тәғдирлес болған. Олардың тынымсыз жаўгершилик, экологиялық катаклизми ақыбетлеринен, миграциялық көшиўлери, тарийхый этноклан лидерлердиң тәғдири, фольклорлық образларда уялап қалыўы, сол мухаддес жайлар, бүгинги күнде ишки туризм, зиярат туризм орын болыўы керек мәселеде жәмийетлик пикирлерди оятыўмыз лазым.

Арал тарийхы ҳәм мәдонияты: Үлкемиз тарийхын тереңүйренип, өтмиштен сабақ алып, еслеп, заман менен тең қәдем таслап жасаў-бүгинги турмыстын қатаң талабы болмақта. Тийкарғы сюжетлер: XIX әсирдиң екинши ярымында Арқа аймақта, Арал бойы Әмиўдарьяның «төменги» дельтасында, Қоңырат халқында үлкен трагедиялық ўақыялар, социаллық апатшылық (урыс, ашлық, эпидемия) халықтың мәкан жайлардан мәжбүрий миграциясы жүз берди. Қоңырат қаласы ҳәм оның округинде болған тарийхый, жәмийетлик, сиясий, социаллық ҳәм әскерий жағдайлардың кескинлес кең ҳалда болыўында тарийхый тулғалардың қатнасы, орны ҳәм хызмети болғаны анық. Олардың бири - соңғы орта әсирлерден - жаңа дәўирден берли арқа аймақта тарийхый тулғалар болған - Қоңыратлы «суўпылар»дың соңғы әўладлары Төремурат бий суўпы образы, тәғдири - тарийхта ашшы сабақ болды [2]. «Мунис ва Огохий «Фирдавс-ул-иқбол». Тошкент, 2010 (Қоңырат қаласында елиў жылдан кейин, Төре суўпының жийен ақлығы - «Пана Аллаберди суўпы улы»ның Қоңырат қаласында «антропологиялық власть»қа, «ҳәким-хан»лық дүзиўге умтылыўы, бунық ақыбетлери архивлик дереклерде ҳәм тарийхый әдебиятларда өз баҳасын тапқан. «Қоңырат ханлығы» тарийхнамасы… Арқа регионда, Пана бек, Пана ҳәким, Пана хан, Пана султан, Мухаммед Пана Баҳадур хан ибн Аллаберди суўпы ҳәм басқада ардақлаўда, «LEGITIMUS») нызамлы тән алыўшылық болған еди. Қоңырат ўақыясына, Пана образы, оның ҳәрекетлери ҳәм өзгелер менен мүнәсибетлерине әскерий адамлар (Бутаков, Игнатьев, Григорьев) баҳа берген. 1858-жылы май-сентябрь аралығында Қоңырат ҳәм Хийўада болған әскерий дипломат Н.Игнатьевтың архивлик материаллары үлкен дерек болады [3] ЦГИА, Фонд 730, опись 1. дело 293. «О составе Бухарского и Хивинского экспедиций», дело 300. Доклад Игнатьева в 1859 году.

Тарийхый тулға - Пананың өмир мәўритлери ҳәм Қоңырат ханлықты басқарыўы қандай болғаны ҳаққында архивлик дереклер: XIX әсир Россия империясының шығыс бағдарындағы, Орта Азия ханлықларына сыртқы сиясатлары тийкарында топланған дереклер, Өзбекстан ҳәм Қазақстан мәмлекетлик архивлеринде сақланбақта. XIX әсирдеги әскерий-тарийхый, дипломатиялық ҳәм әскерий географиялық әдебиятларда өз сәўлесин тапқан. Арал бойы титул этнос қарақалпақ халқының бийбаҳа фольклорында (мәдений мийрасларында) орын алған.

Архивлерге шолыў: Оренбург областлық мәмлекетлик архиви материаллары бойынша, академик С.Камалов тәрепинен, Арал диярында жүз берген, 1855-1856-жыллар, 1858-1859-жыллардағы төменги Әмиўдәрья бойындағы қозғалаңлар (Зарлық Төрехан, Ерназар Алакөз, Пана ҳәкимхан) тийисли ҳүжжетлерди анықлады. Илимий ҳәм тарийхый ағартыўшылықта мәлим етти. Ол «Қарақалпақлардың XIX әсирде Хийўа ханларына қарсы халық азатлық гүреслери» (Нөкис, 1955. 112-б.). Академик Х.Хамийдов - «XIX әсир ортасындағы рәсмий документлерден» 1858-1859-жыллардағы Қоңырат көтерилисшилери басындағы тулғалар: Мухаммед Пана

Бахадур ханның үш хаты ҳәм мөри, Яўмытлар сәрдары - Атамурат Рузмухаммед улының үш «елши нама» ҳәм жигирма ақсақал таңба басқан мөрине «этнолингво тарийхыйлық баҳасын берди. Ески қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери. (Нөкис, 1985. 225 б.) Т.и.д. Р.Қосбергенов тәрепинен Москва архивлери изертленди. (ЦГВИА Фонд: ВУА.) Әскерий тарийхый ҳүжжетлерден (А.И.Бутаков, Игнатъев) 1858-1859-жыллары Қоңырат ўақыясы, Пананың руслардан әскерий жәрдем сораған, ол Арал сорамын Хийўадан айырып алыў ушын гурескен, халық нарыйзалығынан пайдаланып, тил бириктирип, (заговор) шөлкемлестирген, бул террорлық акти сәтли болған, лейкин, көпшилик этноклан элиталар Пана бекти толық қуўатламағанын жазды.

Россия дипломаты, полковник Игнатьев 1858-жылы 28-августа Хийўа ханы менен сөйлесиўлерди тамамлады. Әмиўдәрьяның оң жағы менен Бухараға сапарнамада болған. (ЦГВИА,фонд. ВУА. дело 6785. (1859 год) (Арал теңизи жағаларында) 1849-1958-1859-жыллары, офицер Бутаков, 1858-жылы жазда, теңиз офицери Можайский «Ақ қала»дан, Үлкен дәрья, Тарлық, Қара көл, Ақ көл, Қарабайлы, гөне Нөкис қорғаны, Хожаэли жағысқа шекем изертлеўлер алып барған (Р.Қосбергенов. Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы. Нөкис, 1972). Қубла Арал диярындағы төменги Әмиўдәрья дельтасындағы қалалар (Хожаэли) ҳәм мәкан жайлар (Қыят-Ашамайлы), тарийхына тийисли, жәнe тарийхый тулғалардың бири – Пана ханның «қала-ҳәким»ликтен «Қоңырат ханлық» қа өтиў жыллары – өзлик искерлиги, жеке бийликлери, жеке хатлары, ел-журтты бириктириў идеясы, Арал дияры тарийхый-интеллектуал элиталарды өзине тартыў ҳәрекетлери болған, оның бийғарез Арал теңизи жағаларында, «Қоңырат ханлық»ты қурыў жолындағы гүреслери ҳаққында архивлик дереклер «ақ излер» болып илимий ҳәм тарийхый айналысқа туспеген еди (ЦГА РУз. ФИ-125. опись 2. дело 155. 1858 г.). Письмо восставших в Кунграде об избрании ими ханом Мухаммед Пана (ФИ-125. опись 2. дело 125, 1858) Повеление Мухаммед Пана Баҳадур хана старшинам (қаракалпақ ақсақаллары). Молла Махмуда, Артук бий и Сарық юзбаши о прекращении смуты и объединении всех племен (Пана хан «муражатында» жәми Қоңырат болып биригемиз, - Пана хан мори ҳәм он еки бий, ақсақаллар мөри басылған 11-печать+1).

Ташкенттеги «өзбек архив» фондлары (ЦГА РУз. фонд- И-715. Опись 1. дело 20. л.200) 1858-жылы сентябрьде елши Н.Игнатьев Хийўадан шығып, Бухараға барғаны туўралы С.Сайманов «Миссия полковника Н.Игнатьева в Хиву в 1858 году» (Вестник ККО АН РУз. 2005. № 2) жазды. Археолог Б.Турғанов «Қарақалпақстан тарийхый дереклер (17-19-әсирлердеги Россия елшиси ҳәм саяхатшылардың мағлыўматлары тийкарында». Т., 2019. с.59-65) мағлыўматларды жариялады.

Б.Қощанов, Б.Алланиязова «Әжинияз шығармалары – тарийхый дерек» (Нөкис, 2014. 27-б.). «Бозатаў» көтерилисине, халқының тәғдирине жаны ашымаған, сатқынлық еткен Пана ханға арналған косық барын көрсетти. Қасқалдаққа бир ағары май питсе, ғарқылдасып қонар көлин танымас, Патшаның дәўлети қайтайын десе, Көзине май питип, елин танымас (Ажинияздың ҳәр бир айтқан гәпинде терең философиялық мәни бар), - деп тарийхый көз қарас жазды.

Хорезм тарийхшылары: Огаҳий, Баяний мийрасларында «Қоңыратлар дәстаны», «Қоңырат ханлығы» ҳәм оның тарийхый тулғасы Мухаммед Пана қозғалаңы туўралы жазылған. (Баяний «Шажарайи хоразм шаҳий» РКП. ИВ АН РУз. Инв.: 9596). XIX әсир Орайлық Азия тарийхында, Хорезмде, бир ханлықта еки қалада еки хан болып, Пана «ҳәким-хан»ның гүмис-теңге зарб еткени, нумузматикалық сабақларда үйренилди (Трутовский В.К. «Общее введение в нумизматику. М. 1909. с.115). Сфрагистикалық дереклерде – Пана бек, «ҳәким-хан»ға тийисли –мөрлер копиясы бары архив ҳүжжетлерде сақланған (ЦГА РУз. фонд И-125. опись 2. дело, 155 «.Письма восставших в Кунграде об избрании ими ханом Мухаммеда Фена» 3-печать). Арал диярында «Қоңырат ханлығы»нда Панабек қашан нызамлы «Хан» болып жарияланған? - Қазақстан архивлик дереклерде: Ол ҳаққында, «1859 год, март 12. В «Конграде» избран «хан»ом Пана султан (ЦГА Р К. И-382. опись. 1. дело 5. л. 370 О слухах и событиях в Средней Азии. Сборник документов. Том 1. Қараганда. 2016 800 с.) көрсетилген. XXI әсир Россия тарийхтаныў ҳәм деректаныўларда «Қоңырат ханлығы» тарийхына нәзер салмақта: Р.Почекаев «Мухаммед Пана өзин «Қоңырат ханы» деп жариялады (Вопросы истории, 2015. № 4. с.149-150) лейкин, бир жыл болмай-ақ, 1859-жыл 1-августа Мухаммед Пана хан ҳәкимшилик-ханлық салтанаты тамам болған. Ол өлтирилген, - деп жазды. Кунградский буфер, Беспокойный регион. «Аральское владение и продвижение России в Центральную Азию» (М. 2023.).

Пана образы. Арал бойының этно поэзиясында, аўызеки тарийх, социаллық яднамасында өз сәўлесин тапқан. 1858-жылы гүзги пасылдан, 1859-жыл жазғы мәўсим (августқа шекем) Қоңырат ўақыясының себеплери, сылтаўлары, сырлы тарийхында Пана бектиң орны, мәртебеси ҳәм оның дөгерегиндеги этноклан лидерлери Азберген бий, Есет батыр, Атамурат сардархан, Қыят, Артық бий, теристамғалы Қабыл бий ҳәм «Он төрт руў» этноклaны элиталары мүнәсибети, қандай болғаны ақ излер болмақта. XIX әсирдиң 50-жылларының ақырында Қоңырат ўақыясы, Пана бектиң қатнасыўында питне (заговор) шөлкемлестирип, қалада «ҳәким» басқарыўға (власть) ерисиўи, ол ҳәр тәрепке хат-мүрәжатнама жазып, биригиў идеясы нәтийже бермегени,

бийғарезлик ушын гүрес ҳәрекетлер ақыбети даңқсыз болған. Тарийхый изертлеўлерде Пана «ҳәким-хан»ның Қоңыраттағы ҳүкимранлығы бәри он айға шамалас болған, оны ел-журт, рууқәўим биийлери, этноклан элиталар қоллап-қуўатламағанына не себеплар болған? Оның тарийхый «легендарлық суўпылар» - бабаларының арзыў-үмитлери, өзин-өзи басқарыў нийетлери, иске аспаўының себеплери не болған? Ол- өзликти, ерк-ықрарын өзгелерден жоқары қойып, өзимшил, бийғам, бийпарўалықта жасаған ба? Панахан образы: Россия әскерий адамлардың психологиялық бақлаўынша: Ол, «узын бойлы, күшли дене қурылысы, сулыў шырайы, улыўма дене мәденияты үлги болса да, Ол бийқуўат ҳәм бийақыл тулға, халықтан бөлекленип, ел-журтына посыўшылық алып келгени, қалғаны менен даңқсыз шахс болған!» деп, теңиз офицери А.Бутаков тәриплейди. XIX әсирдеги Қоңырат ўақыясы-қозғалаңы, бунда тарийхый тулға-Пананың орны, Ол шахстың купия, сырлы психологиясы, руўхый дуньясы қандай болған? Сораўлар көп, лейкин, өтмиш сырлары ашылмаған. Ел-журт, төрт халық Ол-суўпылар әўладына дәслеп жақсы исеним билдириўи, лейкин, социаллық гүрестиң ақыбетинде, арзыў-әрманлар иске аспаўы, «ҳәким-хан»ның бийпарўалығыма, «патшаның дәўлети қайтайын десе, өзимшил елин танымас…» «Әжинияз ойшылдың баҳасы дурыс айтылған. Бул ҳәр заманда, ҳәр дәўирде, жәмийетлик санада, социаллық ой-пикирлер болыўы тәбийий. XX-XXI әсир басындағы академиялык китапларда «Өзбекстанның жаңа тарийхы», «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы» мийнетлерде «Қоңырат көтерилиси», «Бозатаў» ўакыясы өз сәўлесин тапқан. Усы трагедияның себепшиси болған Пана тулға феноменининң сырын, еле де ҳәр тәреплеме ҳакыйқый илимий үйрениլиўи келешектиң ўазыйпасы.

Өтмишке саяхатлар. Әсирлер сазасы. 1858-жылы май айында Россия елшиси, Николай Игнатьев Оренбургтан шығып «Қазақ даласы», Үстирт кеңислиги арқалы Хийўаға барыўға үлкен кәрўанлар менен әскерий экспедициясын баслады. Усы әскерий миссия қурамында 117 адам, 178 көлик ат, 352 туйе көлик, 22 арба жүк саўғалар, азық-аўқатлары болған. Полковник Игнатьев экспедициясы Үстирт кеңисликте «жайлаў»да көшип жүрген Есет бийдиң жайлаў мәканына келген. Олар жайлаўға шыққан, Азберген бийдиң көшпели аўылына келген. Табын-қарақабақ Азберген бий Муңайтпасов экспедиция ағзаларын мийман еткен. Сол жерге Есет батыр келип Хийўа ханлығы шегарасындағы түркменлер, қарақалпақлардың, адайлардың аҳўалы, ханлықтағы социаллық аҳўалды, ашлық ҳәм кеселлик жағдайлар туўралы айтқан. 1858-жылы июльда полковник Игнатьев Қоңырат қаласына жақын аўылларға кирген, сол жерде Қоңыраттың баслығы Есаўылбашы Махмуд Нияз бий менен, соң Мехтер аға менен ушырасқан. Елши Игнатьев дәслеп, Қоңыраттан «ушан кеме»де Әмиўдәрьяны өрлеп жүзген, ал қурғақтағы атлы отряд Бородин басшылығында Әмиўдәрья тармағы «Таллық» дәрьяны өрлеп ханлықтың ишки қалаларына бағдарлап жүрген. 1858-жылы Хийўа ханлығында ашлық ҳәм кеселлик тарқалып, әсиресе, хан яўмыт дийханларын суўдан қысып, суўсызлық ақыбетинде, яўмыт аламанлары өзлик сардарлары Гөне Үргениш ҳәм Хожели аймағында ҳәр қыйлы өзимшилик, зорлық, топалаңлар шығарды. Олар өткен-кеткен ханлықтың кәрўанларын ирикти, бажы бермегенлерди тонады, ханлық пәрманларға бойсынбады. 1858-жылы Қоңырат қаласындағы жағдай туўралы әскерий изертлеўши Килевейнниң «күнделик дәптеринде» жазылған: «1858-жылы июль айында, қараўыл жер Үргеде минарда Қоңырат қаласының «губернаторы» (ҳәким) баласы басшы болып, қарақалпақ бийи Естилеў, Қазақ бийи Азберген, табын Бекмурат бийлерди ушыраттық. 1858-жылы 28- июльда Қонырат қаласына жақын келдик. Қонараттан шығып Әмиўдәрьяны өрлеп жузиўге жети кеме менен Хийўаға барыўға сапарын даўам еткен. Қоныраттағы қәўипли, тынышсыз социаллық жағдай, қаладағы ишки питне аўдарыспақ актлер (ўақыялар) туўралы соңғы мағлыўмат бойынша билип алған. «Шыдам кесасы толған-шайпалған» аламанға, ашлық ҳәм кеселлик ақыбетлери, питнеге, зорлық актке алып келген, Қоңыратлы өзбеклер, каракалпақлар ҳәм Яўмыт сардары қатнасыўында Қонырат ҳәкими Кутлымуратбек өлтирилген. Қонырат қаласына Жаңабек, жаңа ҳәким, жаңа султан болыўға талабан, легендарлық образ болған Төремурат бий, аталық суўпының қызынан болған ақлығы Пана мүнәсип деп, жигирма төрт түркмен ақсақаллары қоллаўында, «ҳәкимхан» нызамлы сайлаған. Ол өзин мәртебелеп «Хорезм ханы» деп жәриялаған, өзиниң атынан төрт тәрепке «хатнама» жазып, шабарманлар жиберген, Арал дияры ел-журт, этноклан элиталарына биригиўге шақырған. Ол өзлик бийғәрезлик нышаны, экономикалық саўда ислерине, Қоныратта гумис теңге шығарған. Мухаммед Пананың теңгелерин нумизмат Владимир Григорьев Қоныраттан алып келген ҳәм биринши болып нумизматикалық журналларда жәриялаған. (Григореьев В.В. Не изданные Бухарские и Хивинские монеты. Спб. тип. АН.Р 1860). Арал бойларында, Әмиўдәрьяның «төменги» дельтасында әскерий географиялық-топографиялық изертлеў жүргизген, теңизши-капитан Алексей Бутаков «Қоңырат ўақыясы» бойынша өтмишти исенимли, көрген сезгенлерин тарийхый ағартыўшылықта жазды. «Өтмишти еслеў. 1814-жылға шекем Қоңырат ўалаяты-бийғәрез ханлық болған. Бул аймақта Қоңыратлы суўпылар әўлады Төремурат бий-суўпы басқарған. Фольклорлық мағлыўмат бойынша: Ол көзли болып, ҳал-қуўаты қайтқан, қартайған, кексе ўактында Меңди қасқа деген қасында жүрген исенимли адамы, оны өлтирген, соннан баслап Қонырат қаласы Хийўа ханларына ғәрез-

ли болған. Қоныратта Менди қасқанын әўлады Қутлымурат бий, соң ҳәким болып басқарған, оның жәрдемшиси Ясаўылбашы Махмуд бий, олар биргеликте ел-журтқа тәсирин, зорлығын өткерген. Қоныратта ашлық ҳәм кеселлик тарқалаўына қарамай, салық өндириў көбейген, зорлық пенен салық жыйнаған, бул социаллық аўыр жағдайда халықтың «шыдамы» шайпатылған. Қонырат ҳәкими Қутлымурат өзиниң туўысканлары менен, айрықша қаладағы мәртебели Қулман бий менен ала-аўыз болған. Оған қосымша Қоныратлы суўпылар әўлады, қалада бас көтерген элитаның бири Панабек те қосылған. 1858-жылы жазда Қоңырат қаласында «Қырық киси» (бас көтерген элиталар) жыйналып, қупыя питне мәсләҳәт өткерген. Қупия ойласықта: Қутлымурат бий ҳәм Махмуд бийге қарсы питне жасаў, өлтириў, орнына «Қоңырат ханлығын» дүзиў, Пана бекти «Хан» салтанатына қойыў мақсет болды. Себеби, ол шынжырлы Қоныратлы суўпылар Төремурат бий, суўпылар әўлады ишиндеги ашшы-душшыны өзлик тәғдирде сезген, ақыллысы, көрегенли, үлкен аға-басшылыққа қолайлы, исенимли адам», - деп үмит етеди. Қоныратта жасырын, қупия өткен «қырық киси»ниң мәсләҳәтинде «жети руў» қазақлар (табын, қабақлар) бий Азберген Мунайтпасовта қатнасқан. Панабек мәжлисте Азберген батырға айтқан. Себеби, ол Яўмыт ханы Атамурат пенен әскерий «симбиоз» болыў нийетинде болған. Азберген яўмыт сардарларын «Қара қонақ» етип шақырып, Коңырат аймағын қорғаў бийлигин яўмытлардың ықтиярына бериўди нийет етип, ақыбетиниң не болатуғынын ойламаған.

Қазак табын қара қабак бийи Азберген отырған «қырық киси»ни ҳәм Панаңы исендириў ушын, орнынан турып, ант ишип айткан, Қоңыратлылар ҳәм «жети руў» қазақ-қарақабақлар «бир жағадан бас шығарып» ҳәмме ўақыт бирге болады. Өзгелердиң «төменги» Яўмытлардың жәрдемисиз ел-журтты қорғайды, Яўмытлардан әскерий жардем зәрүр болса, сораймыз, - деп ҳәммени исендирген.

1858-жылы август айында Қоңырат қаласында социаллық аҳўал және шийеленисти. Салық өндириў және де даўам етти. Қоңыратлы бий ҳәм ақсақаллар жыйналып жәми 20 киси, Қоңырат қаласының Жасаўыл басшысы Махмуд бийге арыз айтыўға келди. Нийети, олар қуры гәптен иске өтип, ойдырма ҳәм шаўқымлы сөзлерден соң, Жасаўыл басшыны өлтириўди жобаластырды. Азберген бий жасырын түрде Хийўаға кеткен, хан менен қупия рәсмий сөйлескеннен, Қоңырат қаласына жаңа «ҳәким»лик Пана бекке имканият болған. Қоңырат қаласы Пана «бек-ҳәким» басқарған ўақытта социаллық аҳўал бурынғыдан да төменледи. Арқа аймақтағы қанлы топалаң хабары Хийўаға жеткен. Сейд Мухаммед хан қоңсы түркмен Яўмыт сәрдарлардан жалланба атлы нөкерлер топлайды. Қосымша «төменги» руў-қәўимлерден, әсиресе, өзлик этноклан элитасы қыят Артуқ даңқлы батыры, бийи (жүз атлы) хан тәрепинде болған. Қоңыратты қамал етиўге асығыс, изли-изинен 10 мың әскерий күшлер жиберди. Қоңырат қаласы қыйын, әскерий қорқынышлы жағдайда жасаған әлбетте. Пана бек өзи дүзиўге нийет еткен «суўпы ханлық»ты сақлаў ушын, Россияның шығыс шегарасы ўәкиллеринен мәдет, жәрдем күткен. Хийўа ханының топылысы, қамалынан қорқыныш бийлеп, Яўмыт қәўиминиң сәрдарларынан әскерий жәрдем алыўға мәжбү болған. Қоңырат қаласының жаңа ҳүкимдары «Мухаммед Пана Баҳадур хан Аллаберди суўпы уғлы» атамада мөрин басып, «қырық бий ҳәм бек»лердиң мәсләҳәтинде ҳәрекет еткен. Ол Оренбург генерал-губернаторына, арнаўлы (Молла Шанияз елши, Молла Ғафур эмиссар)ды елшилик сөйлесиўге жиберип, хат жоллайды. (ГАОО фонд.6. опись 10. дело 8. 1859. л.68).

«Мухаммед Пана Бахадур ханның Оренбургқа жазған «Мухаббатнамасы»нда Оренбург генералынан әскерий жәрдем сорайды. Қоңыратта теңге шығарыўды өтиниш етеди».

Россия империясы әскерий теңиз флотының архив ҳүжжетинде «Қоңырат ўақыясы» бойынша хабарлар Арал теңизинде жүзген «әскерий кемелер»диң ҳәрекет журналында жазылған. «1859-жылы 21-июнь түнги саат 9 да «Перовск» әскерий пароход Қоңырат жағысқа келген. Қоңыратлы ўәкиллер келип, Мухаммед Пана атынан сөйлесиў алып барған. Олар күндиз келип, ушырасыўына Хийўалы нөкерлер үш шақырым жолларды қамал етип, орыстың «ушан кеме»сине барыўға имканият бермегенин айтқан. 1859-жылы 23-июнь күндизги саат 9 да әскерий «ушан кеме» Таллық дәрьяда жүзип, Қоңыратқа жетпей жағыста иркилген. Арал флотилиясының начальниги ҳәм сегиз теңиз офицерлери Қоңырат қаласына гүзетиўшилер менен кеткен. Олар сол куни түски саат 12 де Қоңыраттан қайтып, теңиздеги параходка келген. 1859-жылы 28-июньда әскерий топографлар, солдатлар ҳәм Ураллы-қазақлар қатнасыўында Қоңырат аймағының «план-чертёж»ларын алыў басланған. 1859-жылы 29-июньда Азберген «орыс лагерь»ге келип, Қоңырат аймағында «төменги» Яўмыт қарақшылары тонаўшылық етип атырғаны, оларға қәўип туўдырғанын айтып, жәрдем сораған… Бул «Бозатаў» ландшафтағы трагедия басы болса итимал.

1859-жылы 30-июнь кешки саат 6 да «Орыс лагерь»ге Қоңыратлы өзбек ақсақаллары, қарақалпақлар ҳәм қазақ бийлери, түркмен сәрдар-ўәкиллери келип қупия мәжилис өткерген. Бул ойласыққа дилмаш пенен Арал флотилия начальниги қатнасқан. Олар үш саат даўамында өз-ара мүнәсибетте болып, соң, питпес мәселе, даўласып, айтысып, бир түйинге, келисимге келе алмай, аўызбиршилиги болмай, өз-ара ашшы сөзлер айтып, ҳәр ким өз руў-қәўиминиң

мәпине тартысып, ақыбетинде душпан болып тарқасқан. Олар ҳеш бир машқаланы, қәуип-қәтерди, жоқшылық ҳәм урыс мәселесин, ақыбетин дурыс аңламаған, инабатқа алып «түйинди» шеше алмаған. Арал флотилиясының начальниги жаңа ҳүкимдар Пананың ўәкиллерине талапнама айтқан: Қоңырат ҳүкимдары өзинде бенде етип услап турған қазақ ҳәм қарақалпақ пуқараларына азат етип жибериўди ертең азанға шекем күтетуғынын, сондай-ақ әскерий корабль Қоңырат жағысында көш таслап турыўына оның келисими кереклигин зинҳарлап дилмаш арқалы түсиндирген. Арал әскерий флоттың журналдағы жазыўда, күндизги саат 12 ге шекем Арал флотилиясының баржасына Қоңураттан шабарман келмеди. Мухаммед Панадан ҳеш кандай хат хабар жоқ. Бул бийғамлық яки бийпарўалық акыбети неге алып келди?! Әлбетте, Арал әскерий флотилиясы теңизге шығып кетти. Қоңыратты қамал еткен ханның жалланбалы күшлери, нөкерлери топылысқа өтти.

Қоңырат ханлығының тәғдири. 1859-жылы 15-августағы мағлыўматта: Пана ханға қастиянлық болған, ақыбети өлтириў менен питкен. Ким Пана ханды өлтирген? Тарийхый гәплер жүда көп. «Арал флотилиясы Қоңураттан кеткен соң, Яўмыт Атамурат сатқынлық етип Пананы өлтирген, Сейд Мухаммед ханға басын алып барған, барлық яўмытлардың гүнасын кешириўди сораған…,» (О слухах и событиях в Средней Азии. Док. № 24. 1859.г. август 15. ЦГА РК.ФИ-382. опись 1. дело 17. л.19. нуска).

Арқа регионда Россия менен Хийўа арасындағы симбиозларда «Буфер бийғәрез қала» - «Буфер супы ханлық» дүзген Пана ибн Аллаберди суўпы салтанаты «изсиз жоқ» болды.

XIX әсирдиң екинши ярымында қубла Арал бойы халықларының тарийхый, социаллық ҳәм жәмийетлик турмысында терең из қалдырған тарийхый тулғалар Пана бек, Молла Пирим ҳәм басқалардың «тарийх сахна»сында көриниўи, халық санасында яднама болып қалыўы, олардың сырлы феномени өтмиштен сабақ болып үйренилиўи, әдил баҳаланыўы зәрүр. Тарийх сабағы тарийхый тулғаларды ҳеш умытпайды.

Қубла Арал бойы Әмиўдәрьяның төменги алабы, дәрья тармақларындағы қарақалпақлардың мәкан жайлары ҳәм қоныс басқан орынларын әскерий топографлар: Дәслеп Можайский (1858), соң полковник Каульбарс басшылығында (1873) изертленген. Олар Әмиўдәрья тармақларында тәбийий экология ҳәм отлы урыс жаўгершиликтен, «зағлар қонған», босап қалған-бостан орынлар, ески жайлар, қарабақана қорған калаларды көрген. Олардан: «Жаңа қала», «Досым қала», «Якубай қала», «Молла Пирим» қала, «Азберген қала», «Жантемир ишан қала» ҳәм мешити, «Қулман қала», «Шыйқ қала», «Тазбулад ахун қала», «Ноғай қала» ҳәм басқа да бир нешше онлаған мүхәддес жайларды дизимге алған (Атлас промеров, произведенных в 1873 году в низовьях реки Амударьи Генштаба полковником А.В. Каульбарсом. Спб. 1888 г.).

Арқа аймақтағы қарақалпақ Қыят ҳәм Ашамайлылардың мәкан жайлары, мәселен, «Молла Пирим қала»сындағы айырым шахслардың ел-журтты қорғаўдағы бийпарўалық ақыбетинен, «Бозатаў» сакраль ландшафты душпанлар шапқан, ел-журт бүлгиншиликке, посыўға алып келген бул этнопоэзиямызда өз сәўлесин тапты. XIX әсирдин екинши ярымында қубла Арал бойы Әмиўдарья дельтасында, Қонырат аймағында халықтың социаллық қозғалаңы, оның тарийхый шахсты Пананың басшылығында, бәлким, оның бийпарўалық, өзимшилик ислери акыбетинен, «Қоңыратлы суўпылар»дың соңғы «көсеми» өзи ҳеш нәрсе ислей алмай ел-журтты бүлгиншиликке дуўшар еткенин, «тарийх ҳеш қашан умытпайды».

Жуўмақ: 1858-1859-жылларғы Қоңырат көтерилиси, оның тарийхый әҳмийети - бул гүрес Арал бойы халықлардың социаллық жағдайдағы «бир жағадан бас шығарып…» аўызбиршилик гүреслери, Арқа региондағы «төрт төбе» елдиң тәғдирлери бир, арзыў-әрманлары еркинлик, өз-ара татыўлықта, дослықта жасаў гуўасы, Араллы-өзбеклер, қарақалпақлар, түркмен-оймудлар, киши орда, қазақ, табын, қабақлар ҳәм басқада этнодиаспоралардың ашлық, кеселлик, жаўгершилик, экология ақыбетлеринен қутылыў жолындағы гүреслери, мақсет ҳәм режелери, машақатлы жоллары, тарийхтың ашшы сабақлары болып табылады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. С.К.Камалов «Каракалпаки в 18-19 веках». Т.: 1968.
2. Мунис ва Огохий «Фирдавс–ул-иқбол». Т.: 2010. Агаҳий Асарлари Том 5. Т.: 197 / О.Ж.Юсупов «Майлы шеңгел-шегара жеримиз» // Қарақалпақстан муғаллими. Нөкис, 1993. №1.
3. Миссия в Хиву и Бухару в 1858 году флигель-адъютанта Н.Игнатьева. Спб. 1897. с.99-100. ЦГИА России. Фонд 730. опись 1, дело 131. Воспоминания Игнатьева Н.П. О миссии в Хиву и Бухару в 1858 году. 296 л.
4. ГАОО. Фонд 6, опись 10, дело 7513. 1859 год. «Донесение правителя Кунграда Мухаммед Фана и туркменского хана Атамурата Рысмухаммедова желая удостоверить их в искренних нашего к ним миролюбия. 14 марта 1859 г.